**XALÍQ DEPUTATLARÍ SHIMBAY RAYONLÍQ KEŃESINIŃ SHESHIMI**

**XALQ DEPUTATLARI CHIMBOY TUMANI KENGASHINING QARORI**

2025-jıl 1-may VII-8-44-13-192-K/25 Shımbay rayonı

**Shımbay rayonı aymaqlarınıń hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew haqqında**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2018-jıl 23-aprel kúngi 299-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan "Hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew tártibi haqqında"ǵı nızamǵa muwapıq hám Shımbayrayonı hákiminiń 2025-jil 17-yanvardaǵı 2-13-192-F/25–sanlı biyligi menen dúzilgen komissiyanıń 2025-jıl 28-mart kúngi 01-08/04-03/113-sanlı jıynalıs bayanına, tiykar, Respublika aerogeodeziya orayı Qaraqalpaqstan Respublikası bólimi tárepinen Shımbayrayonı aymaqlarınıń hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew jumıslarınıń nátiyjelerine kóre, rayonnıń 1 qala hám 11 awıl shegaralarına xarakteristika jazılǵan.

Qala hám awıllar shegaraların belgilewde belgili bir ózgermeytuǵın elementke baylanǵan halda aymaqları boyınsha awıl hám massivlerge biriktirip, shegaralardı belgilew jumısların juwmaǵına kóre rayonnıń ulıwma maydanı 140902,2 gektardı, rayonnıń ulıwma perimetri 672533 metr ekenligi anıqlandı.

**Sonnan: qala hám awıllar kesiminde;**

- Shımbay qalası ulıwma maydanı 2784,3 gektardı, ulıwma perimetri 33681 metr ekenligi;
- Qamısarıq awılı ulıwma maydanı 12001,5 gektardı, ulıwma perimetri 53432 metr ekenligi;
- Páshenttaw awılı ulıwma maydanı 8824,9 gektardı, ulıwma perimetri 54360 metr ekenligi;
- Qosterek awılı ulıwma maydanı 16253,3 gektardı, ulıwma perimetri 77984 metr ekenligi;
- Qızılózek awılı ulıwma maydanı 11195,7 gektardı, ulıwma perimetri 61483 metr ekenligi;
- Tazajol awılı ulıwma maydanı 28290,8 gektardı, ulıwma perimetri 94954 metr ekenligi;
- Tazǵara awılı ulıwma maydanı 15395,2 gektardı, ulıwma perimetri 62989 metr ekenligi;
- Taǵjap awılı ulıwma maydanı 10267,1 gektardı, ulıwma perimetri 54705 metr ekenligi;
- Mayjap awılı ulıwma maydanı 10253,4 gektardı, ulıwma perimetri 43194 metr ekenligi;
- Keńes awılı ulıwma maydanı 14194,8 gektardı, ulıwma perimetri 75646 metr ekenligi;

- Baxıtlı awılı ulıwma maydanı 11441,3 gektardı, ulıwma perimetri 60105 metr ekenligi anıqlandı.

Ózbekstan Respublikasınıń “Ózbekstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi haqqında”ǵı 2020-jıl 28-avgust kúngi ÓRQ-635-sanlı nızamınıń 10-27-statıyaları, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń “Qaraqalpaqstan Respublikasınıń hákimshilik-aymaqlıq dúzilisi haqqında”ǵı nızamınıń 8-18-statıyaları hám de Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2018-jıl 23-aprel kúngi 299-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan “Hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew tártibi haqqında”ǵı nızamı, rayonlıq komissiyasınıń 2025-jıl 28-mart kúngi 01-08/04-03/113-sanlı jıynalıs bayanı hám de “Jergilikli mámleketlik hákimyat haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamınıń 6 hám 24-statıyalarına muwapıq, Xalq deputatları Shımbay rayonlıq Keńesi

**Sh E Sh I M  E T E D I:**

1. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2018-jıl 23-aprel kúngi “Hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew massiv (aymaq)ler kesiminde jer resursların xatlawdan ótkeriw hámde jaylaw hám pishenzarlarda geobotanik izzertlewlerdi ótkeriw tártibin jánede jetilistiriw is-ilajları haqqında”ǵı 299-sanlı qararı hám de Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbayrayonı hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew jumıslarınıń nátiyjelerin kórip shıǵıw boyınsha dúzilgen rayon komissiyasiniń 2025-jıl 28-mart kúngi 01-08/04-03/113-sanlı jıynalıs bayanı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Rayon aymaǵınıń hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew natiyjeleri qalasha hám awıllardıń shegaraları perimetri hám maydanları haqqındaǵı maǵlıwmatı belgilengen tártipte 1-qosımshaǵa hámde rayonnıń hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraları kartografik sızılması (sxema) 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

3. Xalq deputatları rayonlıq Keńesiniń qararı jergilikli gazeta hám hákimliktiń internettegi rásmiy veb-saytında jariyalansın.

4. Usı qarardı tastıyıqlaw Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesinen soralsın.

5. Sheshimnıń orınlanıwın qadaǵalaw Xalıq deputatları Shımbay rayonlıq Kenesiniń Agrar, suw xojalıǵı hám ekologiya boyınsha turaqlı komissiyası (O.Tolıbekov)na júklensin.

6. Usı sheshim rásmiy túrde járiyalanǵan kúnnen baslap kúshke kiredi.

Kengash raisi — TAJETDINOV AYBEK ALTINBEKOVICH

Xalíq deputatlarí Shímbay rayonı
Keńesiniń
2025-jıl 1-maydaǵı
VII-8-44-13-192-K/25 -sanlı sheshimine
1-qosımsha

**Shımbay rayonında hákimshilik-aymaqlıq birlikler shegaraların belgilew jumısları juwmaǵına kóre Qala hám awıllar shegaraları perimetri hám ulıwma maydanı haqqında**

| Q/s | Hakimshilik-aymaqlıq birlikler atı | Shegara uzunlıǵı (metr) | Maydanı (ga) |
|---|---|---|---|
| 1. | Shımbay qalası | 33681 | 2784,3 |
| 2. | Baxıtlı awılı | 60105 | 11441,3 |
| 3. | Keńes awılı | 75646 | 14194,8 |
| 4. | Mayjap awılı | 43194 | 10253,4 |
| 5. | Pashentaw awılı | 54360 | 8824,9 |
| 6. | Qamısarıq awılı | 53432 | 12001,5 |
| 7. | Qızılózek awılı | 61483 | 11195,7 |
| 8. | Qosterek awılı | 77984 | 16253,3 |
| 9. | Taqjap awılı | 54705 | 10267,1 |
| 10. | Tazajol awılı | 94954 | 28290,8 |
| 11. | Tazǵara awılı | 62989 | 15395,2 |
| **Jámi** | | **672533** | **140902,2** |

Xalíq deputatlarí Shímbay rayonı
Keńesiniń
2025-jıl 1-maydaǵı
VII-8-44-13-192-K/25 -sanlı
sheshimine
2-qosımsha

Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay rayonınıń
Qala hám awıllar shegaraların belgilew boyınsha
**SXEMA**




**Shegaralas jerler túsindirmesi**
**A dan B ga shekem** Moynaq rayonı jerleri
**B dan D ga shekem** Qaraózek rayonı jerleri
**D dan E ge shekem** Kegeyli rayonı jerleri
**E den A ga shekem** Bozataw rayonı jerleri

**Shártli belgiler**
*Rayon shegarası*
*Qala shegarası*
*Awıllar shegarası*